

Poukisa nou dwe vaksine timoun?

Gen kèk timoun ki vin malad anpil ak kowonaviris. COVID-19 se youn nan prensipal koz lanmò lakay timoun. COVID-19 se koz #1 nan kesyon lanmò akoz enfeksyon/maladi respiratwa. Gen plizyè milye timoun ki te entène lopital pou COVID-19.

Pifò timoun pa vin malad menm jan ak granmoun yo, **men yo kapab simaye viris la kanmenm.** Vaksen KOVID-19 yo anpeche gran-paran, frè ak sè ki pi jèn yo ak lòt moun vin malad grav, entène lopital epi mouri.

Fè timoun yo vaksine ap ede anpeche epidemi kap pèmèt lekòl fèmen.

Eske vaksen an li san danje pou timoun?

Nan mwa Me 2023, plis pase 32% timoun nan Etazini ki gen 5 jiska 11 zan, ak 59% nan timoun ki gen 12 jiska 17 an te resevwa premye seri vaksen yo.

Epitou, anpil timoun te pran yon dòz bivalan ajou.

Risk COVID-19 yo yo depase tout risk potansyèl vaksen an.

Ki jan nou kapab pwoteje timoun ki poko gen sis (6) mwa yo?

Aktyèlman, pa gen okenn vaksen kont COVID-19 ki apwouve pou timoun ki poko gen 6 mwa. Men ou kapab pwoteje pitit ou poul pa enfekte ak pwopaje viris la ak lòt moun.

- + Asire ou tout moun lakay ou ki gen plis pase 6 mwa vaksine.
- + Manman kap bay pitit yo tete yo, kapabvaksine pou yo ede transmèt antikò akbebe yo.
- + Ankouraje mete kashnen lè ou anddan akpwatike distans soyal espesyalman pamimoun ki pa vaksine.
- + Lave men ou.
- + Siveye mizajou sou disponiblite vaksen poutimoun.

KISA POU KONNEN LÈ W GEN TIMOUN K AP PRAN VAKSEN COVID-19

Vaksen an gratis pou pifò moun, menm pou moun ki pa gen asirans.

Chèche konnen ki kote ou ka jwenn aksè gratis ak vaksen kont KOVID la gratis:

- ✓ Mande si pa genyen klinik mobil ak ekspozisyon sou sante
- ✓ Depatman sante
- ✓ Sant Sante Kominotè
- ✓ Famasi bò lakay ou
- ✓ **Mande doktè pitit ou si yo ofri vaksen COVID-19 yo.**
- ✓ **Pale ak lekòl pitit ou a** sou fason ou kapab jwenn vaksen kont KOVID-19 la. Yo ka ofri klinik vaksen nan lekòl la.
- ✓ Gen kèk kote ke, yo ekzije paran yo pou yo prezan lè pitit yo ap vaksine. Chache klinik apwè lè ak klinik tanpore ap pi fasil pou paran kap travay.
- ✓ Jwenn vaksen:
<https://www.vaccines.gov/search/>

POU PLIS ENFÓMASYON



Vizite Sant Kontwòl Maladi yo ak Pwevansyon:
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/>



Pou Repons ak Keksyon yo poze souvan, vizite **Migrant Clinicians Network**:
<https://bit.ly/3ki1xAl>

Mizajou: 19 septanm 2023



Timoun ak Vaksen COVID-19 la

Pran yon Vaksen kont KOVID ki ajou

Kanpay Sansibilizasyon Vaksen COVID-19

VAKSEN COVID-19 YO POU TIMOUN



- **Timoun ki gen 6 mwa rive 4 ane ki vaksinen:** Kantite dòz ak tan varye. Mande pwofesyonèl swen sante timoun yo rekòmandasyon.
- **Timoun ki gen 6 mwa ki pa vaksinen. Rive 4 ane:** 3 dòz vaksen Pfizer oswa 2 dòz vaksen Moderna.
- **Timoun ki gen 5 ane oswa ki pi gran:** 1 vaksen Pfizer oswa Moderna, kèlkeswa vaksen yo te pran anvan. Si yo te pran vaksen anvan, timoun nan dwe tann 2 mwa anvan li pran vaksen ajou a.
- Timoun ki gen Sistèm Iminite fèb: Mande pwofesyonèl swen sante timoun ou an pou l ba ou enfòmasyon sou dòz ki nesèsè yo.
- Entèval ant dòz yo varye, selon laj la: Mande pwofesyonèl swen sante timoun ou an. Vizite paj CDC a pou entèval yo: www.cdc.gov/vaccines/covid-19/clinical-considerations/interim-considerations-us

KIJANOU PROTEJE PITIT OU

- + Al pran vaksen epi fè timoun ou yo ki gen 6 mwa oswa ki pi gran pran vaksen.
- + Mete yon respiratè nan espas anndan ki gen anpil moun, menm si ou deja pran dènye dòz vaksen yo.
- + Si pitit ou a te ekspozè ak COVID-19, swiv etap sa yo, menm si yo te pran vaksen:
 - Pote yon mas pandan 10 jou.
 - Si li santi sentòm yo: Fè tès la touswit. Si tès la negatif, refè tès la ankò nan 48 èdtan.
 - Si li pa santi sentòm yo: Fè tès la, pou pi piti, 5 jou apre li fin trape COVID-19. Si tès li a negatif, refè tès la ankò apre 48 èdtan, epi fè sa ankò apre yon lòt 48 èdtan si dezyèm rezilta li a negatif. Chache wè yon doktè si w panse li malad.
 - Si tès ou a pozitif, gade gid Sant pou Kontwòl Maladi a (Centers for Disease Control, CDC) pou konnen kijan pou antre nan izolman.
- + Kèlkeswa estati vaksinasyon li, si pitit ou a gen COVID-19, li dwe rete yon kote poukont li. Gade gid CDC (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) pou konnen kijan pou li rete yon kote poukont li.

Konsiderasyon Espesyal pou Fanm yo

- + Pou fanm de nenpòt laj ki ansent, kap bay tete, oswa kap eseye vin ansent, vaksen yo enpòtan pou kenbe manman yo ak bebe yo an sante.
- + Nou rekòmande adilt ak adolesan ki gen ant 18-60 ane yo pou yo pran Pfizer oswa Moderna.

KISA POU ESPERE APWÈ TIMOUN YO FIN VAKSINE?




Li enpòtan pou timoun yo vaksine menm lè yo te genyen COVID-19 la.




Chèche konnen ki kote ki ofri vaksen gratis nan eta w la oswa depatman sante, famasi oswa sant sante nan zòn pa w la.



Yap santi yo pi byen kelke jou apwè vaksen yan.




Kontinye mete mask nan espas kote ki chaje moun epi lave men ou.



Vaksen COVID-19 la li san danje e li efikas pou timoun.



Apwè vaksinasyon, timoun yo kapab eksperimante ponyèt fèm, tèt fèm, lafyèw oswa frison.



Yo konsidere timoun yo ajou depi yo resevwa dènye dòz vaksen an (yo).



Lè nou pran vaksen, sa pèmèt nou pwoteje timoun ak lòt moun kont maladi grav COVID-19 lakoz!



AVANTAJ VAKSINASYON YO

- ✓ Vaksinasyon ap pwoteje timoun ak fanmi yo de maladi grav e pou yo pa ospitalize.
- ✓ Vaksinasyon an diminye kantite ka ki grav ak kantite lanmò COVID-19 lakoz nan kominote ou a.
- ✓ Vaksinasyon ap pwoteje lopital ak founisè swen yo pou yo pa sichaje avèk maladi grav de COVID-19 la.
- ✓ Lè gen plis moun ki vaksine nan kominote a, mwens nap genyen poun enkyete pou nouvo varyan yo.
- ✓ Timoun yo ap kapab retounen nan aktivite lekòl yo pi bonè si plis moun vaksine.

RISK POU MOUN KI PAVAKSINE

- ✗ Risk enfeksyon COVID la vin pi wo.
- ✗ Risk enfeksyon grav, ospitalizasyon ak lanmò vin pi grav.
- ✗ Risk pou devlope sinptom long tèm de COVID-19 la vin pi wo.
- ✗ Risk pou ekspozè ak nouvo fòm de viris vinpi kontajye e pi danjere.